



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 15 janvyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON DESIZYON KAP METE FEN AK PÈSEKISYON
LOKATÈ IMIGRAN POU GARANTI KOMINOTE SAN PATIPRI AK SAN DANJE
POU LOKATÈ VIL NEW YORK**

*Yon akò san parèy ap Pwoteje Lojman Bon Mache ak Dwa Lokatè nan Wo Manhattan, Bronx ak
Brooklyn*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yon gwo akò sou yon desizyon ki pral ede fè kominote yo gen mwens patipri epi pi bon mache grasa fen lap mete nan pèsekisyon ak entimidasyon sou lokatè imigran ki se sitou moun ki pale panyòl nan apeprè 1.800 aptman nan 49 bilding nan Harlem, Washington Heights, Brooklyn ak South Bronx.

Diferan etap yo prezante nan akò san parèy ant Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit, TPU) ak Castellan Real Estate Partners/Liberty Place Property Management gen ladann siveyans pratik pwopriyetè yo pandan twa lane konsa, kreyasyon yon fon pou konpanse lokatè yo maltrete, retou lokatè yo te mete deyò lakay yo ak egzijans pou tout fiti kominikasyon ant pwopriyetè ak lokatè fèt nan lang angle ak panyòl.

“Lè administrasyon m lan te kreye TPU gen de lane pase, nou te di aklè nou tap fè pwopriyetè kap pèsekite ak anmède lokatè peye pou sa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Tout Nouyòkè dwe trete san patipri, kèlkeswa orijin yo. Desizyon sa sèvi pou raple pwopriyetè sa ap gen gwo konskans si yo eseye entimide lokatè yo sou baz pase yo, sitwayènte yo oubyen stati legal yo.”

Men akizasyon yo fè kont Castellan ki te fè TPU ouvri pwòp investigasyon li nan kòmansman ane sa: yo pa bay kontra renouvèlman; yo mete fo frè sou deklarasyon lwaye moun lè lokatè gen resi peman; epi yo mande lokatè pou bay papyè ki montre ki revni ak stati sitwayen yo genyen, alòske tou sa se bagay ilegal pou fè moun ki gen kontra lwaye deja.

Nan lòt ka, yo rapòte anpwaye pwopriyetè a pèsònèlman menase lokatè, di yo y ap mete yo deyò akòz stati imigrasyon yo oubyen paske yo pa ka byen pwouve yo gen yon salè konvenab. Lokatè yo te esplike tou yo pran presyon pou y asepte move kondisyon pou reyachte kay yon fason pou fè yo kite kay yo ki gen lwaye reglemante epi abandone dwa yo atravè dokiman desizyon ki ekri nan lang angle sèlman – yo remèt bay lokatè ki pa ka li lang angle.

Haitian Creole

Nan kad desizyon sa, Castellán blije pran mezi sa yo:

- Anpwaye yon siveyan (kap touche nan men Castellán epi jwenn otorizasyon TPU) pandan 3 lane konsa pou garanti yo respekte kondisyon antant sou desizyon an.
- Kreve yon fon \$100.000 siveyan TPU otorize a ap jere pou konpanse lokatè ki ka viktim ajisman enjis.
- Kreve nouvo politik ak pwosedi biznis alekri pou rezoud pwoblèm pwopriyetè ki te konn ap mande ilegalman nimewo Sekirite Sosyal ak stati imigrasyon lokatè yo, epi pwoteje tout lokatè aktyèl ak fiti kont tout fòm abi ak vyolasyon lwa federal egal pou tout moun sou lojman ak anti diskriminasyon alavni
- Bay tout anpwaye li yo fòmasyon (sou kont Castellán) pou anpeche abi posib sou lokatè alavni epi fè Castellán pran responsablite l.
- Pèmèt lokatè yo te petèt chase nan move kondisyon oubyen fòse kite kay yo pou yo retounen nan yon apatman menm jan.
- Asepte pou tout komunikasyon ak dokiman fiti ki voye bay lokatè dwe nan lang Angle ak Panyòl.

“San nesite pou gen yon entèvansyon Tribinal oubyen nenpòt lòt egzekisyon lwa ki mande lajan oubyen tan, TPU reyalize pou tout bon premye tip desizyon konsa pou ajans lan, ki pa sèlman fè pwogrè nan siveye yon pwopriyetè ki gen dout sou li, men tou rezoud pwoblèm demann ilegal pou nimewo sekirite sosyal ak prèv stati sitwayènte,” te deklare Darryl C. Towns, Delege/Direktè Egzekitif New York State Homes and Community Renewal (HCR), ki gen ladann TPU a. “Desizyon jodi a voye yon siyal fò bay pwopriyetè kay sa yo ki tap vyole lwa sou lwaye ranfòse eta a, ki grasa lidèchip Gouvènè a, ap anba siveyans pi sere ankò epi gen obligasyon pou rann kont.

Senatè eta a, Adriano Espaillat, ki syeje kòm manm wo plase nan Komite Lojman, Konstriksyon ak Devlopman Kominotè Sena a, te deklare, “Pèsekisyon pwopriyetè ap fè lokatè kite kay yo, epi ap fè kay bon mache vin ra nan Vil New York. Itilizasyon taktik pèsekisyon predatè kont imigran ki pa gen gwo revni se yon bagay ki choke moun eki dwe pini. Mwen di bravo pou Inite Pwoteksyon Lokatè a dèske lap kontinye goumen kont abi sa yo. Aksyon Gouvènè Cuomo pral ede pwoteje Nouyòkè vilnerab atravè vil la, epi mwen remèsye li dèske li kanpe pou lokatè ki gen lwaye kay yo reglemante.

Manm asanble Keith Wright, Prezidan Komite Lojman Asanble a, te di konsa, “Dapre akizasyon grav anpil sa yo, sekirite ak estabilite plis pase 1.800 moun ak fanmi te menase. Mwen felisite Gouvènè a ak TPU pou aksyon rapid sa pou pwoteje lokatè sa yo epi fè pwopriyetè peye pou move zak yo.”

Gwoup militan ki te travay ak lokatè ak kominote imigran te fè lwanj tou pou desizyon an kòm yon etap enpòtan nan pwoteje dwa lokatè.

Judith Goldiner, Avoka responsab, Inite Refòm Lwa Sivil, nan The Legal Aid Society, te di konsa: “Pandan twò lontan, lokatè kap chèche pwoteksyon konnen rena a tap veve poulaye a. Nou di bravo pou Gouvènè a ak TPU pou nouvo metòd dinamik yo itilize pou envestige plent pèsekisyon lokatè sa yo, epi voye yon mesaj fò ki di sa pap tolere.

Gouvènè Cuomo te kreye TPU nan lane 2012 pou li te ranfòse nan yon manyè dinamik lwa sou lwaye eta a, ki apre ranfòsman yo nan lane 2011, te konsevwa pou pwoteje lokatè nan apeprè yon milyon inite lokasyon reglemante. Jiska jounen jodi a, TPU reyalize yon verifikasyon sou chans konsa sou pwopriyetè bilding ki pa anrejistre pwopriyete yo sou kat dènve lane ki sot pase jan lalwa prevwa sa. TPU te mande pwopriyetè prè travay ki te fèt nan kad amelyorasyon apatman ki monte lwaye tèt nèg, epi yo te itilize nan tan pase pou deplase inite soti anba reglemantasyon. Se premye fwa asiyasyon al jwenn pwopriyetè ki pa respekte demann TPU pou yo pote prèv amelyorasyon apatman sa yo.

Kòm konsekans mezi sa yo, yo te verifye apeprè 500 pwopriyetè ak 1.100 apatman— epi plis pase 2.700 bilding ki gen 28.000 apatman te reanrejistre epi retounen ajoute nan lis stabilizasyon lokasyon yo. TPU te voye remèt tou plis pase \$200.000 bay lokatè yo te chaje anplis san yo pat konnen.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418